Injiil bi ngir Xale yi

Kii di ko xamlé

Fu tiisu nit tambale



Ki ko bind: Edward Hughes
Ku def illustration bi: Byron Unger; Lazarus; Alastair Paterson
Ki def adaptation bi: M. Maillot; Tammy S.
Ki ko tekki: Christian Lingua
Ki ko produire: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2021 Bible for Children, Inc.
Licence: am nga sañ sañu kopié walla it imprimé teere bi ci bu nekké ni do ko jaay.

YÀLLA MOO SAKK LEPP!
Ba Yàlla sakke nit ku njëkk ki,
Adaama, ci Toolup Àjjana la nekkoon
ak soxnaam, Awa. Beggoon nañu loon
di deggël Yàlla té nekk ci
téwaayam ba benn bës ...

Jaan bi laaj Awa ne ko: "ndax Yàlla def lenn wax ngeen bañ a lekk ci doomu bepp garab?" Awa tontu ne ko: "Mën nañu lekk bepp doomu garab waayé doomu benn garab rek la ñu teere lekk." Suñu lekke walla suñu laale sax doomu garab gi, dina ñu dee." Jaan gi tontu ne ko: "doo leen dee."

"Dingeen mel ni Yàlla boo leen lekke ci doomu garab gi." Awa bëggoon na lekk ci doomu garab gi. Mu degglu jaan bi lekk doomu garab gi.

Ba Awa dëddoo ndigalu Yàlla mu jox Adaama mu lekk ci doomu garab gi itam. Adaama mënoon na wax, "Deedeet! Du ma dëddu ndigalu Yàlla."

Ba Adaama ak Awa bàkkaare,
ca la ñu xame ni yaramu neen lañu defoon.
Ñu jël ay xobu fiig ngir nëb seen yaram ñu dem
nëbëtu ci ganaaw ñax yi ngir Yàlla bañ leena gis.

Ba ker gi sedde ci ngoon si Yàlla ñëw ci tool gi. Xamoon na lu Adaama ak Awa defoon.
Adaama tuumël Awa. Awa tuumël jaan bi.
Yàlla ne, "Jaan gi alku na. Jigéen bi dina am ay métit buy wësin.""Adaama, ndaxte danga bàkkaar, suuf si dina la meññalal ay xaa-xam ak i dagg, doo lekk te beyoo, saw ñaq ngay dunde."

Yàlla dàq Adaama ak
Awa ñu genn tool gu
rafeet gi. Ndax dañoo
bàkkaar, noonu ñu
takkëlekoog
Yàlla mii di
joxé dund!

Yàlla defar jaasi juy lakke ngir tere leen ñu duggaat ci biir tool gi. Yàlla defaral Adaama aka Awa ay yeeré der. Fan la Yàlla jëlé der yi?

Ci ap diir, Adaama ak Awa am ay doom. Ku ñëkk juddu, Kayin, baykat la woon. Seen ñaareelu doom Abel, moom sammkat la woon.

Been bës Kayin indil Yàlla lu mu sàkke ci mbayam jébbël ko ko. Abel indi xar yu gëna baax yu jògge ci géttëm jébbël ko Yàlla. Mayeb Abel nag Yàlla nangu woon na ko.

Waaye Yàlla nanguwul woon mayeb Kayin. Loolu waaral Kayin mer lool. Wante Yàlla ne, "Boo defe lu baax, xanaa dees na la nangul?"



Merub Kayin deñulwoon.
Ba waral mu sóng Abel-rey
ko! Ci tool bi.



Yàlla wax ak Kayin ne ko: "Fan la sa rak Abel nekk?" Kayin fén ne ko: "Xamu ma ko". "Xanaa ma waara sàmm sama rakk?" Yàlla dindi kattanu bey bu mu joxoon Kayin def ko mu nekk ab waxamane.

Kayin sori teewayu Boroom bi. Mu sey ak doomu Adaama ak Awa bu jigéen. Noonu ñu am ay doom. Ci diir bu gaat, sëttu Kayin yi ak ay sëtti sëttëm féesal dëkk bu mu sancoon.

Ci diir boobu itam, ñjabootu Adaama ak Awa yooku ci diir bu gaaw. Ci bës yooya nit yi dañu doon dund lu yaag lu wuuteg tey jii.



Ba doomam Set juddoo, Awa ne, "Yàlla jox na ma Set ngir wuutu Abel." Set nekkoon na ap góoru yàlla mu dund 912 at ba am ay doom yu bëri.

Nit yi di gën di bon ni askaan yi di toppëlantée. Ba tax Yàlla tan yakk xeetu nit ki te mala yi yëpp ak picc yi. Yàlla rëccu li mu sàkkewoon nit. Wante kenn ci ñoom neex ko ...

Nit kooku moo nekkoon
Nóoyin. Sëttu Set, Nóoyin
nekkoon na ku jub ku kenn
dul tuumël. Mu
topp Yàlla.

Mu jàngal ñeeti doomam yu
góor yi itam nu ñu waara
toppe Yàlla. Leegui Yàlla
tan jëffëndiko Nóoyin
ci fan bu yeeme
te wuute!

Fu tiisu nit tambale

Nettali bu joggé ci Kàddu Yàlla gi, Injiil bi,

Gis nañu ko ci

Ñjàlbéen ga 3-6

"Sa pirim Kàddu day leeral."
Sabóor 119:130

Ñjexté bi

Xew xewu Injiil bii daf ñuy wax ci suñu
Yàlla bu yeeme bii moom mi ñu sakk té bëgg ñu xam ko.

Yàlla xam na ni def na ñu ay mbiir yu bon, yu muy woowé bàkkaar. Mbugalu bàkkaar mooy dee, wante Yàlla def leena bëgg lool ba waaral mu yooni benn doomam kepp gu mu am, Yeesu, mu dee ci bant bi té ñu alag ko ndax suñuy bàkkaar. Waayé Yeesu dekki na ba delu ci kaw asamaan! Boo gëmé ci Yeesu té nga ñaan ko mu baal la say bàkkaar, dina la baal! Dina ñëw dëkk ci yow leegi nii sax, té dinga dund ak Moom ba faw.

Bo gëmé ni lii dëggë lë, waxal lii Yàlla:
Yeesu, gëm na ni yow yay Yàlla, nga ñëw ci jëmu nit té dee ngir samay bàkkaar, té leegui ya ngi dundat. Mangi la koy ñaan ñëwël ci sama dund té nga baal ma samay bàkkaar, ngir ma mëna am dund gu bees leegui nii, té ma mëna nekk ak Yow ba faaw keroog ba bës ba jooté. Dimbalima ngir ma mën la déggël té di dund ngir Yow ni sa doom. Amiin.

Jàngal Injiil bit té di wax ak Yàlla bës bu nekk! Yowaana 3:16